Соколёнок

6/2017

ноябрь-декабрь

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Фазу ГӀалиеваль гӀумру къураб кечӀ



Дагъистаналъул халкъияй шагӀир, «МагӀарулай» журналалъул гӀемерал соназ бетӀерай редакторлъунги, Ракълил фондалъеги, Руччабазул Советалъеги нухмалъи гъабурай, лъималазеги чӀахӀиязеги гӀемерал тӀахьал хъварай, хӀукуматалъул гӀемерал шапакъатазе мустахӀикълъарай Фазу ГӀалиевалъул 85 сон тӀубай кӀодо гьабуна Дагъистаналъул тахшагьаралда ГӀурус театралъул минаялда. ТӀоцебесеб нухалъ жийго Фазуги гьечӀого гьеб тадбир тӀобитӀана нилъер хъвадарухъабиги, Москваялдасаги, Чачаналдасаги цоги-цоги бакӀалдасаги рачӀарал гьалбалги Дагъистан Республикаялъул хӀукуматалъул нухмалъулелги гӀахьаллъун.

Бищунго Фазуе бокьулеб букӀараб паркалда, гьелъул рукъалда гӀагарлъухъ рагьана гьелъул памятник. Гьеб паркалъе кьуна жийго Фазу ГӀалиевалъул цӀарги.

Хунзахъ районалда 2017 сон лъазабун букӀана Фазу ГӀалиевалъул сонлъун. Киса-кирего тӀоритӀана гьелъул творчествалда тӀасан цӀалиял ва церерахъинал. ТӀолабго республикаялъул росабазулгун шагьаразул школаздаги рукӀана гьединалго Фазу ГӀалиевалъул кучӀдуздасан хӀадурарал церерахъинал.

КӀвахӀ гьечӀеб хӀалтӀул хӀасиллъунги рахӀат лъачӀеб рекӀел асарлъунги лъугьараб Фазу ГӀалиевалъул хъванщинаб тӀехьги гьелъ тӀуразарурал пачалихъиялгун-жамгӀиял кӀвар бугел ишазулги хӀасиллъун буго жакъа гӀемерал цӀалдолезул рекӀелъ хутӀараб Фазул бахӀарчияб сипат-сурат, гьелъул хассаб ва тӀадегӀанаб цӀар.

ГӀаишат Малачиева

# ХАСАЛИЛ КЬУРДИ



Гъазил могӀрода рештӀун,
ГӀазу биунеб буго,
ГӀаздал тӀугъдуца бацун,
ТӀолго хъабарча буго.
Гъороца зурмаги пун,
ГӀазул хӀули кьурдула,
ГӀаркьалабаз хъат кьабун,
ГъутӀби цадахъ рахъуна.
Я гьаб хасалил кьурди,
Дур хаслъиги ссогӀлъиги,
Хаган хутӀарав Гъазил
Хвенхида цӀер чӀван буго.

# ХЪЕШТӀЕЗЕ РЕС РЕКЪЕЧӀО

РахӀматги ГӀаишатги
ГӀертӀаца лълъимги баччун,
ЦӀвакарал хъештӀераби
Рахъизе хьулалъ руго.
Ясазде хьанделаго
Газагун вачӀун, Гулла
ХъештӀероги бухъун бан,
Хъвек кинигин чӀун вуго.
– ЦохӀо къоялъ хъештӀезе
БухъичӀони щиб, Гулла,
ЦӀорол матӀу гӀадаб нух,
ГӀужаххунеб, щай, Гулла?
– Ножо-ножор къотӀной ун,
Бакъ инегӀан расанде!
– Я эхедерай гуреб,
Я гӀодобе гьетӀичӀеб,
Дорасан чуял гӀадин,
Чангъал рекеруларо,
БитӀараб къотӀной руссун
Расги кеп гьечӀо, Гулла!
– Кепгин ихтилаталъе
Театралде ракке!
Фигуристкаби хӀазе
Москваялде гӀедегӀе!

# Имам Шамилил 220 сон тIубаялде

Исана кIодо гьабуна дунялалдаго цIар рагIарав, бахIарчилъиялъеги багьадурлъиялъеги гIорхъи гьечIев, нилъ кидаго жиндаса чIухIулев инсан, Дагъистаналъулги Чачанлъиялъулги имам Шамиль. Гьесул хIакъалъулъ нужедаги, лъимал, гIемераб рагIунги бицунги батила. Гьал ккола жиндир гIумруялъул ахирал соназул ичIгояб Шамилицаги гьесул хъизам-кулпаталъги тIамураб Калуга шагьаралда бугеб гьезул Музей-рукъобги гьеб шагьаралъул къватIахъги нилъер Дагъистаналдаса чIахIиялги гIисиналги вакилзабаз гьабураб сапаралдаса цо-цо лахIзатал рихьизарулел суратал.


















# Школазда тIоритIарал тадбирал

## Лъималазе толихI

## Бикьарав шагIир



Лъимал, рагIанищ нужеда «Эбел кьижун йиго, гьей свакан йиго» абураб кечI? РакIчIола нужеца ясли-ахалдаги школалдаги гьеб гIемер ахIун батилилан. ГьабсагIаталда нуж гIанасей йикIарай диегиха гьеб кечI цIакъ бокьулеб букIараб. Доб мехалда радиоялдасан гIемер ахIулаан гьеб. Абизе бегьула гьеб бугин дир лъимерлъиялъул кечIилан. Цо нухалда магIарухъе щварай дида данде екерун ячIана гьитIинай мадугьал Шумайсат. Рохарал гьаркьалги гьарулаго, гьелъ дие бицана ясли-ахалда цIияб кечI лъанин жиндайилан. Ва гьелъ ахIана «Эбел кьижун йиго» абураб кечI. Дун цIидасанги лъимерлъиялъул талихIаб улкаялде тIадйиссана. Гьениб анищазул гIидраялда рижарал тIугьдуз дида ракIалде щвезабуна лъимерлъиялъул хIикматаб маргьа. Ва рагIулеб букIана дирго гьаракьалъ ахIулеб доб хIайранаб кечI – «Эбел кьижун йиго...»

Гьеб кечIалъул автор ккола дир росуцояв, Хунзахъ районалъул ТIануси росулъа лъималазул шагIир МухIамад Гъазиев. Гьесул букIана захIматаб лъимерлъи. КIудияб ВатIанияб рагъде эменги ун, гьитIинав МухIамад хутIана ялгъузай эбелгун. ЦохIо вугев дарманги каранде къан, ахIулел рукIун ратила ГIайшатица МухIамадица хадур лъималазе талихI-лъун рикьарал кучIдул.

Гьесул букIана лъимадул гIадаб рагьараб ракI. ГIамалги лъимадул гIадаб бацIцIадаб букIана гьесул. Ва даималъего хутIана лъемерлъунги. Гуребани, гьес гьадигIан берцинал кучIдул хъвазе рес букIинчIо нужее.



Гьев хутIана нужер кьерилавлъун.

Гьавуна МухIамад Гъазиев I94I соналда ТIануси росулъ. ГьитIинав МухIамадида кинидахъ рагIарал кучIдуз къалъизабуна гьесие къисмат. Лъимерлъиялъул хIасратал кучIдул хутIана шагIирасул гIумруялъул матIулъунги, гьес гьитIичазе тараб хIикматаб сайигъатлъунги, соназул саву жидеда киданиги ккезе гьечIел къиматал жавгьараллъунги. Гьеле гьединав вукIана, лъимал, нилъер МухIамаддаци. Щивав шагIирасул букIуна аслияб кечI. Гьединаб кечIлъун МухIамад Гъазиевасеги букIана гьитIинай Шумайсатица, дир квенчIелалда гIодойги чIун, ахIараб кечI:

Эбел кьижун йиго, гьей свакан йиго,
Дунги ясикIогун ясандиларо.
Босиларо машин кодобегицин,
Эбел йорчIизегIан сихIкъотIун чIела.

Дий бокьун букIана кучIдул ахIизе,
Радиоги биччан, гIенеккун чIезе.
Амма щиб гьабилеб, бегьуларелъул:
Эбел кьижун йиго, дун юцIцIун чIела.

КватIичIого эбел тIаде яхъина,
Цинги ясандила дун ясикIогун.
Биччала радио, ахIила кучIдул,
Гьабила дуй, эбел, дицаги кумек.

МухIамадица гIумру гьабун букIана Москва шагьаралда. Гьес киданиги хвезе течIо гIагараб ракьалъулгун бухьен. Хобги гIагараб росулъ насиблъана гьесие.

Пашманго ялагьун йиго дун шагIирасул сураталъухъ. Гьенисан дихъ валагьун вуго лъимадулаб хIеренлъиялъул, гIумруялъухъ урхъарал рокьул цIурал беразул, недегьлъиялъул гугьар гьурмада бессарав, дагьабги пашманаб гьимиялъул куназ угьарал накъищаз сипат гвангъизабурав лъималазул шагIир.

Исана 75 сон тIубана МухIамад Гъазиев гьавуралдаса. Гьев ракIалдещвезавуна гIагараб росдал гьоркьохъеб школалдаги.

«Мун нижер ракIазулъ даим хутIила» - гьединаб цIаралда гьоркь литературиябгун-музыкалияб композиция тIобитIана школалъул учитель, МухIамадил гIагарай гIадан Барин МухIамадовалъ. Гьелъ лъималазе бицана шагIирасул гIумруялъул ва адабияб гьунаралъул. Лъималаз ракIалдасан рикIкIана, цIалана гьесул кучIдул. МухIамад Гъазиевасул асараздасан лъурал спектаклялдаги ролал жалго цIалдохъабаз хIана. Гьединго школалда лъазабун букIана шагIирасул кучIдул пасихIго рикIкIиналъул конкурсги. 2017 сон ТIануси гьоркьохъеб школалда лъазабун буго МухIамад Гъазиевасул сонлъун. Барин МухIамадовалъ ва гьелъул цIалдохъабаз цадахъ лъугьун хIадурана шагIирасул гIумруялъул ва творчествалъул бицунеб альбом. Гьединго Баринида ракIалда буго Гъазиев лъалев рукIарал шагIирзабазулгун школалда дандчIвай гьабизе.

*Шамай Хъазанбиева*

*ГӀаишат Малачиева*

# ГӀАНХРИЛ НАХЪРАТЕЛ



ГьитӀинай жо йигониги, рокъобги къватӀибги кинабго гьабизе лъугьун йикӀуна гьей. Гьал къояз эбелги унтун йикӀун, дадаца хинкӀал гьаризе ккедалги, кверал гӀисинай ГьотӀочалъ, цадахъги лъугьун, гьитӀинал хинкӀил тӀанчӀи къалел рукӀана.

Къасиги, метер цӀулатӀе инилан дадаца бабада абулеб рагӀидал, «дунги» абун ахӀизе бокьун букӀана алъие». «Вай, унтунгӀаги йикӀинчӀейани, магь цӀезе дунги йилъинаан рохьое» абулеб эбелалъул каламги ккун, ГьотӀочай инсуда гьардезе лъугьана:

- Дада, дунги яче рохьое, дицаги баччила цӀулал кӀудияб магь...

ГӀемерго ГьотӀочай гьардезе лъугьиндал, дадацаги лъикӀ бугилан абуна. Сордоялъ кьижичӀого йикӀарайгӀанги, рогьалилъго партӀан тӀаде яхъана ГьотӀочай. Чурун бер-кӀалгун, ретӀун ретӀелгун чӀана гьай нуцӀикӀалтӀа. Кьолон хӀамагун дада унелъул, катитӀинчӀ гӀадин, ясандилаго екерулей йикӀана гьей инсуда хаду-хадуй.

Эхеде раханагӀан, нолъ сардилъ ккараб гӀазул гъалай бицатго батулеб букӀана. ГӀаздада дорагьанир рахъарал тӀугьдул гӀадин, цо тӀанкӀалги ратулел рукӀана. ГӀемерго ГьотӀочай цӀехолдидал, дадаца гьелда гьел сундул лъалкӀал кколелали бицунеб букӀана. Цо кӀудиял лъалкӀал ратидал, дадаца гьел бацӀил лъалкӀал ругилан бицана. ГьебсагӀат, гӀункӀкӀгӀан гьитӀинабги гуреб, кетогӀан кӀудиябги гуреб цо жо цебе бекерун бачӀана. «Вай, бай!» абун гьаракьги гьабун, ГьотӀочай дадал бохдулъ хурхун чӀана. ГӀадан гӀадин хӀатӀаздаги борхун, гьитӀинал квачӀалги, хъатал гӀадин, гьазда цере ккун, гьазухъ балагьун гьеб жанаварги чӀана.

- БацӀ гуро, дадал, гӀанхвара буго гьаб, бихьуларищ гьолъул таргӀал

гIадин ругел гIаркьаби, - ян абуна инсуца.

Гьанже ялагьана гьелъухъ ГьотIочай. БитIахъе сурмияб магъула катил тIинчI гIадаб жо бугоан гьеб. Берцинал бералги ругеб, гургинаб гумерги бугеб, гьорорал жал гIадин кIаркьабиги ругеб жанавар букIана гьеб гIанхвара.

- Аб щайха, дада, нилъеда цебе бахъун чIун бугеб?

- Гьаб дир хIатIида аскIое ялагьея цо, гьагъаб каратI букIине ккола гьелъул къоралъул кIалтIу. Жиб рокъобе ине биччаян, дун цевеса нахъе аян гьарулеб буго гьелъ.

- Биччайха, дада, гьеб жиндирго рокъобе.

- ЧIа, цин цойги гьалъул гьунар бихьизабилин дуда, - янги абун, инсуца нахъе гали тIамуна.

ТIил нахъе босейин, дун дирго рокъобе биччайин гьарулеб гIадин, гьелъ квачIал церегIан рорхана, ракI гурхIиледухъ гьасухъ, бетIерги гьетIун, балагьана. Гьас кинго тIил нахъе босичIелъул, тIаса квачIалги жиндирго кIаркьабазда кьабун, жиндир кIаркьаби понцIозарурал жуламул багIаргарал гIаздаде гъвегъинаруна. Гьалъул кIаркьабиги, гьава къватIибе биччараб шар гIадин, чангъазде тIупун ана.

- Гъолъ гьабулеб шиб, дада?

- Жиндиего мигьир гьабизе, къватIиса кваназе жо тIагIиндал, нахъраталие букIине бакIарула гIанхрица жуламги. «Гьаб бакIарунилан ццин бахъун мун ватани, ма нахъе босе дурго» абун балеб бугоха гьеб гъарималъ гъоб гIодобе, - ян бицана инсуца ва къорил кIалтIаса тIил нахъе босана.

ГIанхвара тархьан картIинибе кIанцIун ана. Аз цо-кIиго гали тIамидал, картIинисанги баккун, гьазда хадуб балагьунги чIана...

ЦIул къотIун бахъинегIанги гIанхрил хIакъалъулъ цIехолдилей йикIана ГьотIочай дадада...

Къадеялде цIулал хIамаги цIун, вачIунев инсуда цадахъ, гьитIинкIаб магьги баччун, ГьотIочай йихьидал, гьалъул лъугьина унго-унгояй гIаданилан, рец-бакъ гьабулеб букIана данде ккарал руччабаз.

ГьотIочай рохьоса ячIун рагIидал, мадугьалихъа ясалги рачIана гьелъухъе. Къаденахъе къоялъго рукIана гьел гьелъухъ гIенеккун. ГьотIочалъги бицунеб букIана гIанхварадул рукъалъулги, гьелъул цагърал-санкIазулги, гьезда жаниб гьабулеб мигьиралъулги.

- Цо букIараб берцинаб жоха эб гIанхвара. КъанцIу-кIачун, къакъа-шашан гьабизе бокьилеб гIадаб жо букIана. Нилъеде руссарал гIундулги рукIана, кIаркьабаздаго риххун арал михъалги рукIана — катил гIадал дагьал гурелха, гIемерал михъал рукIана. КвачIалгиха, катилалда релълъарал рукIинчIо, нилъер квералилан кколел жал рукIана. ГьитIинкIал квачIалха эл рукIарал.

- ГIанхварадул мигьир, гьирал лъураб бакIищ кколеб, ГьотIочай? - абун гьикъана ХIалица.

- Гуро вала, ХIали, гьирал кин росилел, квер гурони гьунарел гьезул рагьдухъа жанире!

- Жуламги кванани щха гIанхвара букIунеб? - абун гьикъана Рукъицаги.

- Уйила дуе, элъул «цагъуралъул» щибаб тIеялъуб батIияб букIуна квине жо. Цоялъуб — ролъ, цоялъуб — цIоросаролъ, цойгидалда жаниб — батIи-батIияб жогиха! - ян къотIана ГьотIочалъ гьебги.

- ГӀадамаз, гӀанкӀал гӀадин, хьихьулел жалищ эл гӀанхвараби? - ян цӀехолдизе лъугьана гьанжесалъ Разиги.

- Гьалдаги лъалареб жоха. Рокъорищ гьел хьихьулел, хурул рагӀалдацин гӀадамаз толарел жал. ГӀемерал мугьал раччула гьелъ хуриса жидерго рокъоре. ГӀадамазги нахъе къотӀула гьел пакъирзаби, - ян гурхӀун абуна ГьотӀочалъ, инсуца бицанщинабги лъималазе бицунаго.

ГьотӀочалъ жеги бицунебго-бицунеб букӀана. Разиги, Рукъиги, ХӀалиги хӀухьелккун гӀадин, гӀенеккун рукӀана ГьотӀочай гӀанхрил рокъое жаниеги лъугьун, кинабгоги бихьун ячӀун йигилан кколеб букӀана гьезда.



# ЛъикIал гьудулзаби

Салимги, Салманги, Мусаги рукIана лъикIал гьудулзаби. Цо классалда цIалулелги рукIана гьел. Цадахъ ччугIа кквезеги унаан гьел, тира-сверизеги цадахъ рахъунаан. Цо-цо мехалда парталгицин релълъараб босулаан гьезие эбел-инсуца. Рокъоб лъикIаб-тIокIаб квен бугеб мехалда, цоцазухъе кваназеги унаан. Хасалил халатал сардалги гIемерисеб мехалъ цадахъ тIамулаан.

ГIагарлъулеббукIанацIиябцIалул сон. Школалде хIадурлъулел рукIана гьудулзабиги. Гьабнухалдаги эбел-инсуца лъималазе релълъарал костюмал росана.

Абула къварилъи гьикъун бачIунарилан. Гьанжего-гьанже бан бахъараб цIияб мина букIана Салманил. КIудияб сухIматги гьабун, бахъун букIана Салманил хъизам минаялъубе. Цо къоялъ жалго рокъор хутIарал Салманил гьитIинал вацги яцги спичкадул гIучIалгун расандилел рукIана. Гьезие рекIее гIуна цIадул гьитIинабго кунчIи. Амма рекIее гIечIо гьеб цIадул кунчIи гьитIинаб букIин. Ва горда бигъараб жоялда цIа бакана... цо лахIзаталъ бухIун бахъана щуго соналъ балеб букIараб мина. БухIана минаялъуб букIараб къайиги. ТалихIалъ, лъимал хвасар гьаризе кIвана.

Мусалги Салимилги гIарцул дагьа-макъабго нахърател букIана. Гьудулзабаз кидаго данде гьабулаан гIарац. Чанго нухалъ щвана Муса Салимихъе гьеб гIарацги босун Салманихъе рилълъайилан. Амма Салманил багьанаби камулел рукIинчIо. Ахирги живго ана Муса Салманил дове. Гьесда цадахъ эбелги йилъана. Гьебго азбаралъуб букIана гьезул басрияб минаги. Мусаца Салмание цIиял костюмал росизе гIарац кьуна. Мусал эбелалъ Салманил эбелалъухъеги кьуна гIарац. Нечон босуларогоги йикIана гьей. Мусал эмен хIалтIулев вукIана бакIал ралев чилъун. Гьесул кумекалдалъун къокъабго заманалда бан лъугIана Салманил мина. Кумекалъе рахъана росуцоял, гIагарлъи, Салманил эбел-эмен лъалезги гьабуна кумек. Мусал инсуца, жинцаго гIарацги кьун, бачIана тIохда кквезе махх. Мусаги унаан Салмание кумекалъе мина балеб бакIалде. Гьеб гвавулъа камун вукIана Салим. Салманил мина бухIун заман иналде, гьев эбел-инсуда цадахъ хIухьбахъиялъе ун вукIана. Гьес эбел-инсуда бицун букIинчIо Салманил мина бухIиялъул,нагагьгьезхIухьбахъизе ин нахъбахъилилан хIинкъун.

Салман инчIони, живги инарин лагералдейилан абуна цо къоялъ Мусаца инсуда. КIиявго гьудул, путевкабиги росун, лагералде ритIана Мусал эмен ХIажица. Лъабавго гьудуласе гьес велосипедалги росана.

ЦIалул сон байбихьизе заман щолеб букIана. Мусаги Салманги чIалгIун рукIана Салимихъ. Гьев вачIун вугин рагIидал, гьел гьудуласухъе гIедегIана. Гьесие велосипедги кьезе букIана гьез. ЧIобого вилълъинчIогойилан, Салманицаги босана гьесие тукадаса костюмазда гъоркьан ретIине

берцинаб гурде. Гъудулзабазул гьаракь рагIидал, Салимида къватIиве ваккизецин кIвечIо. Амма васазда ракIалда букIинчIо гъудул вихьичIого нахъе ине, гIадада ккана гьезул хIаракат – Салим гъудулзабазухъе вачIинчIо. Гьев нечон вукIана жиндихъаго ккараб гъалатIалдаса. РакIбакъварал гъудулзаби, сайгъаталги гьенирго тун, тIадруссана.

Нахъисеб къоялъ Салимги, эменги, эбелги Салманил доре ана. Гьез къварилъи ккаразе гIарцудалъун кумек гьабуна. Васал цIакъго рохун рукIана жиндаго Салимида тIадбуссинабизе кIвараб гъудуллъиялдаса. Гьел лъабалго, велосипедаздаги рекIун, тирасверизе ана.

*Шамай Хъазанбиева*






Унев вуго чу рекІун,
Гъавугъин, гІодоввиччан,
ЩанкІлазукь гІазу къиргщун,
Къабулаб бакъан бачун.
ГІицІго цІахІилал гъудул
Гъадулел руго сверухъ.
СихІру гъабун кІотараб
Сурат буго гъутІбузул,
Ссвадулел руго рохьал,
Маргъуяб макъу рекІун.
ГІаздакь кІодо кинигин,
ГІодой къулун накІкІигъветІ,
Гъелъул тІоноцІиб рештІун,
КІутІарилеб гъотІоркІо.
Бекерулеб буго чу
Чакарул  гъалай хъилдун,
Авлахъалде рехараб
ХъахІаб гІаздал шалида.
РикІкІаде тІерхьун унеб
ЛъугІи гьечІеб нух буго
Сухъмахълъун чІедерлъулеб,
ЧІололъун кІичІ-кІичІулеб.

*Буссинабуна ГІ. Малачиевалъ.*

# Гьочобги букIана берцинаб тадбир



ЧIарада районалъул Гьочоб росулъ тIобитIана гIемерал соназ «Лачен» ва гьудуллъи журналазул бетIерав редакторлъун вукIарав Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабдула Даганов ракIалде щвезавиялъул къо. ШагIирасул цIар кьураб гьеб школалда гIадатлъун лъугьун буго щибаб соналъ гьев гьавураб къо тIобитIи. Бицуна гьес нахъа тараб гIумруялъул ва творчествалъул хIакъалъулъ, ахIула ва рикIкIуна гьесул рагIабазда кучIдул.



*ГIалилов Къурбан, 7 класс*





Насрулаева Хадижат, 8 класс



ГIумарова Саида, 9 каласс



Школалъул мугIалимзабиги цIалдохъабиги

Шамил Мухьидинов

# Къадакоги кетуги



Цо къадако къетIа чIун,
ЧIичIидилеб букIана,
КIал чIегIераб катий гьеб
Квине бокьун букIана.
Чан къан букIараб кету
КIанцIун инеб букIаго,
Боржун унеб къадкица
Катий беркIал гьабуна.
«Багьадур» катил гьениб
Кинго пиша рекъечIо,
Къадкил кваркьабазулгIан
Къуват гьелъул батичIо.

# Сабураб...



Жиб гургинаб, гирун унеб,
Лъималазе цIакъ бокьулеб,
КьабгIунилан рихунареб,
Реххун тунан барщулареб,
Бакъарабго гьава кунеб,
Гьорораб чехь чучулареб,
Малаца жиб буханиги.
Боххун гуреб, гIодулареб.
РетIел тIомол, тIагъур гьечIеб,
Хьит ретIине хIатIал гьечIеб,
Расандулел лъималазул
Гьудулалда цIар щиб, лъимал?

# Кваранабги квегIабги

Рохь бихьичIеб цидул тIинчI,
Дур мимидул кIарчанлъи,
КIач ретIараб жанавар,
Дур расалъул хIеренлъи!
Дур кваранаб хIатIида
КвегIаб хьит ретIун буго,
КвегIаб квачIалда тIад ххун
Кваранаб кверлъел буго.
Мун жеги цIакъ гьитIинаб
ГIалхул жанаварлъидал,
Кинаб кин ретIаниги,
Гьеб дуда гIайиб гьечIо.
Амма гьав кIал гIедерав
ГIусманил Салим вуго
КвегIаб – кваранаб хIетIе
БатIаго гьабуларев.
Кваранабги квегIабги
Кинго данде кколаро,
Бабаца малъичIого,
БитIун хьит ретIунаро.



# Щал сундухъ инагьдулел

ГIанкIуял кьукIдула – жидер тIанчIазухъ,
Чахъаби гьадула – жидер кьагIазухъ,
ГIулби хIихIидула – жидер таязухъ,
ЦIани э-эдула – жидер буртIазухъ.

ГIачи гIергIедула – жидер бачазухъ,
Кутул мимидула – катитIанчIазухъ,
Амма бищунго цIакъ дуниялалда
Улбул инагьдула жидер лъималахъ.

# Кеп гьечIо

ЧIегIераб ракьалда тIад,
ТIогьилал чангъалги лъун,
Лъел цIун бералгун Къади,
Къварилъиялда вуго.
- «Хаселилан батила,
ГIазул хIули бортичIеб,
Борхатаб гохIидасан
ХъещтIезе рес рекъечIеб.
Рукъалъул тIохде вахун,
Рахнаца гIазу хъвачIеб,
ГIазул васикIо гьабун,
Гьелъул лазат босичIеб.

Кепалъе «гIазул бусен»,
ГIадамас бакIаричIеб,
ГIазу речIчIиги гьабун,
Гьеб лъороб ун биинчIеб.
Вихьулевани дида,
Жакъа цо ЦIорол Дада,
Хасел киб тарабилан,
БадибчIвай гьабилаан.
ГьанжегIаги регIичIев,
ГIазу нижей битIизе»,
«ВахI, лъикI гьечIо, лъикI гьечIо,
Лъималазе кеп гьечIо».

# Нилъер бахIарзал



КIудияб ВатIанияб рагъда багьадурлъи бихьизабурав Гъуниб районалъул МохIоб росулъа маргъуяб хасияталъул вас, Совет Союзалъул бахIарчи МухIамад ХIажиевасги машгъур гьабуна жиндирго гIагараб росуги, Дагъистанги, тIолабго нилъер улкаги. Гьединал бахIарчиял васазул хIурматалда нилъер гьаниб гуребги, гьев даималъего хутIараб Мурманскобласталда Гаджиево абун ХIажиевасул цIар къураб шагьарги, къватIалги, завод-фабрикалги, гьесие рарал монументалги руго. ГIадатиял гIадамазул гIадин, рижарал бакIазда ракьулъ гуреб, МухIамадие хоб насиблъана живго ругьунаб рагъулаб гамида, ралъдал тIиналда.

Исана IIО сон тIубала МухIамад ХIажиев гьавуралдаса. ВатIаналъе гIоло рухIалда барахщичIого вагъарав, эбелаб ракьалдаса гIалхулал фашистал нахъе хъамизе бугеб къуватги жанги кьун къеркьарав МухIамадил цIар чIухIун рехсола КIудияб Бергьенлъиялъул багьа лъалел, гьеб Бергьенлъи кинаб кIудияб ками-балагьалда бащалъарабали бичIчIулел гIадамаз. Гьесул цIарги наслабаздеги ахIана чанги дагъистанияз.

БахIарчиясул цIар кьураб шагьаралде сапарал гьаруна нилъер рикIкIен гIемерал ракьцояз, гьездаго гьоркьоб республикаялъул шагьаразулгун росабазул школазул вакилзаби-цIалдохъабаз. Гьебго заманалда рехсей гьабулеб шагьаралдаса ралъдахъаби-гьалбалги щибаб юбилей тIобитIулелъул ХIажиев вижараб Дагъистаналъул ракьалде щола. Гьабнухалъги гьалбал щвана МухIамадил гIумруялъулги рагъулаб нухалъулги бицунеб тахшагьаралъул Рагъулаб реццалъул музеялде, гьесул IIО сон тIубаялъул хIурматалда рагьараб суратазулги, гьесул живго битIергьанаб къайи-матахIалъулги музеялде, гьесул цIаралда бугеб МахIачхъала шагьаралъул къотIноб эхетараб монументалда цере



тIугьдул лъуна, гьединго МохIоб росулъ юбилеялъулаб тадбиралда гIахьаллъана.

БахIарзазул цIаралги ишалги нилъеда кIочене бегьуларо. Гьел абадияллъун гьаризе, гIелаз гIелазухъе кьезе, гьединал гIадамазул къимат гьабизе ругьунлъизе ккола. КIудияб ва бечедаб тарих бугеб миллаталъул цоги миллатазги адаб-хIурмат гьабула, гьезда рухIдаллъун лъугьуна.



*... Ралъдал чохьонисан чабхъад хьвадулев*
*Чол хIетIе хIадурав ХIажиев киса?*
*ЧчугIбузул бусада сардал рогьарав*
*Летчиказул эмен Эмиров лъил вас?..*

— илан хъвана, ВатIанияб рагъда багьадурлъи бихьизабурал, тIолабго улкаги халкъги жидедаса чIухIарал васазул бицараб кочIолъ, кIал пасихIав, гьунар тIокIав шагIир ЦIадаса ХIамзатица. Гьединазул сияхI рехсолаго ракIалде щвезаризе ккола ЧIарада районалъул ЦIуриса АхIмад ГIабдулмажидовги, ГIахьвахъ районалъул КIаратIаса МухIамадзагьид ГIабдулманаповги, Гъуниб районалъул КIуядаса СагIаду ГIалиевги, СагIаду Мусаевги, 60 тIатаралги, жеги рагьичIого хутIарал гьунаразул бетIергьабиги Дагъистаналдаса «Совет Союзалъул бахIарчи» абураб улкаялъул хIурматияб шапакъат хIалаллъарал хIикматал цIарал.

Ахират лъикIаб кьун батаги, даималъего гIолохъанго хутIарал къвакIараб хасияталъул васазе.

# Гьудуллъиялъул ахикь

Шейт-Ханум Алищевал
(70 сон тІубаялде)



## Хъабахъ

Бицщатаб, гургинаб чехь
Бакъуде ккун боркьизе
Хъабахъ, гамущ кинигин
Бегун буго пастІаниб.

Ккола гьимулаго гьелъ
ГьитІичазда абулин,
Дун гІадин кьаралъизе,
Кьунщинаб карщ кванайин.

## НакІкІал

Къалъуда боржун бачІун
ЧІегІернакІкІ тІад бигъана,
ЧІегІераб дугъалъ гІадин,
Дунял бецІилъизабуна.

Нартас пулеб кинигин
Кутакаб гьури пуна,
Гьанже дун ясалалъе
Ясандизе кин иней.

Нартасул ццин бахъани
Бихъила чІор речІчІун дугъ,
Добасан цІадги чвахун,
ЦІалтун биччила дунял.

# РекIарав

Дун хIамида рекIана,
КIанцIун тIаде вахана,
- КIуди, дуе къо-мех лъикI,
Къокъина сапаралде.

- Гвала гIадаб гIебаб чехь
Чурул цIун батила мун,
Гьедин кIвахIалаб бугеб,
Дица гьабила дуе.

Гьедин тIадеги ахIдон
ХIамидаса рештIана,
ХIобода бухьун буго
Батулеб хIамил чIимичI.

Дица квар бичарабго,
ХIамил габур кIичIана,
КIиябго гIин кIобокIун
ГIалахалде тIурана.

# Гьоркьо

Дица гьоркьо босана,
БетIер ххазе лъугьана,
Гьелъ дир расал тIутIуна,
ТIом хачан би баккана.

Цинги ячIун бабаца
Босана гьоркьо дихъа,
Гьелъ дир кар ххалеб мехалъ
Гьоркьо хIеренлъараб куц.



# Гьабго кинаб жанавар

Инсуца тукадаса
Пластилин босана,
РасанкIаби гьареян
Гьеб дида цебе лъуна.

Пил гьабилин вукIана,
Варани ккун батана,
Гьод буго гур-гурараб,
Габур буго халатаб.

Байбихьана цIидасан,
Гьабнухалъ битIун ккана.
ГьитIинаб букIаниги
КIваричIо, пил лъугьана.

СваказегIан столалда
Свери бахъун кьурдана,
Добаса кIанцIун араб
ЧIарбида тIирщан ккана.

Кибе араб? ГьечIо пил,
Буго добго пластилин
Лъана, Африкаялде
Ун батила гьеб лъутун.

*ЛъарагI мацIалдаса буссинабуна МухIамад Хириясулаевас.*



# Чуги гIалаги



ГIала къаси гIалахалдеги ун кваналеб букIунаанила. Чу къаси-къаси кваназе унаанила, къад-къад бекьарилеб букIунаанила. ГIалаялъ чода абунила:

- Щай дуе бекьаризе ин? Дур бакIалда букIарабани, дун инароан. Дос дида цIал балаан, дица досда мал балаан.

Нахъияб къоялъ чоцаги гьедин гьабунила. Чу гIамаликълъун лъугьун бихьарав мужикъасги бачун гIала пурццида банила.

# Маймалакги тIанчIиги



Маймалакалъул букIанила кIиго тIинчI. Цояб цIакъ бокьулаанила гьелъие, цойгияб бокьулароанила.

Цо нухалъ майлакалда хадур лъугьанила гIадамал. Гьелъ хапун кодобе бачанила жиндирго бокьулеб тIинчI ва тIурун анила. Бокьулареб тIинчIги рехун танила.

Бокьулареб тIинчI цо хъархъилъе кIанцIанила. ГIадамазда гьеб бихьичIила. Гьел аскIосан рекерун анила. Маймалак гъотIоде кIанцIанила, биххун ккеялъ гьелъухъа тIанчIил бетIер цо ноцIцIалда тунканила. ТIинчIги гьеб бакIалдаго хванила.

ГIадамал нахъе индал, маймалак бокьулареб тIинчI балагьизе лъугьанила. Гьебги гьелда батичIила. Гьедин, жибго цохIо хутIанила маймалак.




Рашидги Шамайги мадугьалзаби ккола. Гьел жеги гьитIинго руго. Рашид азбаралда вихьани, Шамай гьесухъе екерула. Эбелалъ ккураб кверги бахъун, Рашидги данде гIедегIула. Цинги цоцазул квералги ккун, кIиялго цадахъ хьвадула.



Цо къоялъ Шамайица абуна:

- Дил дада Москваялда вуго. ЦIияб соналде дов локъове вачIуна, - ян.

- Дир дадаги вачIуна, - ян кIалъана Рашид.

- Дулав вачIунаро, - ян лъугьана Шамай.

-ЩайвачIунарев,-анкъварилъана Рашид.

- ВачIунароха. Дул дада Москваялда гьечIо. Локъов вуго гьев, - ан щурана Шамайица.

- Дир дада рокъов вуго, дир дада рокъов вуго, - ян чIухIдарана Рашид. – Дурав гьечIо рокъов, - абун лъугьана гьев.

Дагьал минутаз цееги чIухIун кIалъалей йикIарай Шамай, циндаго пашманлъана. Рашидица ккураб кверги бахъун, яс жидерго улбул ругеб бакIалде ана.

- Баба, ва баба, дил дада щай локъов гьечIев, - ан щакъраххана гьей.

- Дур дада дуе сайигъатал росизе Москваялде анаха, дир микки. КватIичIого дуе сайгъаталги росун вуссина дов, - ан ясалъе ракI-макI гьабизе лъугьана эбел.

- Уха, гулищха, баба, - ян эбелалдаги абун, Шамай Рашидихъе екерана.

- Дие сайгъаталги лосун дада вачIуна, - ян цIидасан чIухIдаризе лъугьана яс.

- Диеги росула, - ян жаваб кьуна Рашидица.

- Дуе Москваялдаса лосулало, - ян вас гьоркьов къотIизавуна Шамайица.

Рашид кантIана жиндир эмен Москваялда гьечIевлъиялде ва гьениса расанкIаби жиндие щвезе гьечIолъиялде. Гьединлъидал Рашид къварилъана. Гьесул бадиб магIу ххулана. Рашидил хIалги бичIчIун Шамайги къварилъана. ГьелъулбералгимагIилцIуна.Цинги жинда гIайиб ккараб гIадин, Шамай хIеренго Рашидихъ ялагьана.

- Дадаца Москваялдаса лачIалал ласанкIаби дица дуеги кьела, Лашид, - ян абуна гьелъ.

Рашид Шамайидехун вуссана:

- Ращад гьарун кьелищха?

- Лащадал ласанкIаби дуе кьела, - ян гьимана Шамай.

Разилъарав Рашидица Шамайида къвал бана ва цIидасан квералги ккун рекерахъдизе лъугьана.

Наби ГӀисаев

# Бажаризе ккола вацлъи цӀунизе



ГӀумарги ГӀалиги,
Цадахъ рукӀунел,
РакӀ хъубаз, мацӀ гьабун,
РатӀа гьаруна.

Цояз ГӀумарие,
Цояз ГӀалие
Риххизе гьарулел
Гьерсал рицана.

Балагьеха, лъимал,
Квешлъи гьабизе
ГӀемерго бокьани
Лъугьунеб буго.

Цо нухалда дунго
Гьелда релълъарав
Лъугьа-бахъиналъе
НугӀлъун вукӀана.

ЛъикӀал гьалмагъзаби
Барщизе гьарун,
Рахъ-рахъалде унел
Рихьана дида.

Амма божула дун
Гьудулзабазда
Батилин битӀараб
Нух цоцазухъе.

Ццидал мацӀцӀазда тӀад
Бергьенлъи босун,
Бажарилин гьезда
Вацлъи цӀунизе.

*Сарат МухIумаева*

# ЧI





ЧIарадизе бахчиний
ЧакаркIодо ячIана
ЧIакIултIун чIартIа босун
БечIан холеб батана.




БацIулас квацIулалъе
ТIогъол квацIи бетIана.
ЩIадакье ккун БацIулав
ВецIцIулаго вачIана.





## «Чуял рекерулел руго»

Кверзул килщал цо-цоккун партаялда кIутIила,
ГьитIинаб килщидасан байбихьиги гьабила
Гьанже чуял нахъа тун, машинаби рачина
Кинацаго квераца рулал сверизе гьаре!
Гьанже рулал риччан тун кверал эхеде рорхе!
Кьода  гъоркьан рорчIизе цодагьал нахъе кIичIе!

## «ХIарпал хъвала бетIералъ»

«Х» хIарпалда нахъ рекIун хIучч бихьула пицIцI гIадин,
Гьалъул щиб хIарп лъугьараб? РачIа бетIералъ хъвазе! (хI)
«Х» хIарпалда аскIоса багъариларин чIараб
Тамашаб ишарагун щиб хIарп гьалъул лъугьараб? (хь)
Тамахаб нахъе хъамун къвакIараб аскIоб чIани
Кинаб хIарпдай лъугьина? РачIа гьебги хъвазин цо! (хъ)



**Къ – хIарп къвакIараб буго:**
**Къвакъвадула, къеркьола,**
**Къала, букъула, къола,**
**Къирун, къакъан, къокъуна,**
**Рекъола, къацандула,**
**Бакъвала, къукъудула,**
**Бакъун, къечон, къанщула,**
**Бикъун, къулун, къунцIула.**
**Къуркъби, къурущ, къункъраби,**
**Къадар, къванща, къарнаби,**
**Къеч, къулгIа, къварилъи, къвал,**
**КъечI, къанцIа, къали, къалам,**
**Къан абизе тIалъула!**



**Нижер гӀисинал гьудулзаби, «Лачен» журнал цӀалулел, цӀодорал магӀарулал, 2018 соналъе нужеего журнал хъвазе кӀочон тоге. Жеги кватӀун гьечӀо, гӀедегӀун, учительзабазда эбел-инсуда ракӀалде швезабе. Гьеб ккола магӀарул мацӀалда цого - цо бугеб ва бищунго учузаб журнал!**




Соколёнок

# Лачен

ISSN№0203 - 3682

6/2017

ноябрь–декабрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Худ. редактор** З.Даганов
**Тех.редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов
**Оформление обложки** А. Качаев

Формат 60х84 $^1/_8$.
Уч. изд. л. 3,12.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 19.12.2017 г.
Тираж 1306 экз.
Заказ № 121.

**Типография:**
ООО «Издательство «Лотос».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.